**दिन–शुक्रवार** **दिनांक–25.07.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

बिहार राज्य विधानमंडलक मॉनसून सत्र आइ संपन्न भऽ गेल। राज्य मे मतदाता सूचीक लेल चलि रहल विशेष गहन पुनरीक्षण एसआइआर के लऽकऽ दुनू सदनक पाँच दिवसीय सत्र मे लगातार व्यवधान आओर हंगामा भेल। ई सत्र राजद, कांग्रेस, भाकपा–माले सहित विपक्षी दल सभक लगातार विरोध प्रदर्शन सँ प्रभावित रहल। सत्रहम बिहार विधानसभाक ई अंतिम सत्र छल, किएक तऽ राज्य मे एहि वर्ष अक्टूबर–नवंबर मे चुनाव हेबाक अछि। अपन समापन भाषण मे विधानसभाक अध्यक्ष नंदकिशोर यादव सदनक कार्यवाहीक संचालन मे सहयोगक लेल सभ सदस्य लोकनिक प्रति आभार व्यक्त कयलनि। ओ बतयलनि जे सत्रक दरमियान कुल तेरह टा सरकारी विधेयक पारित कएल गेल। ओ सभ सदस्य सभ सँ सदनक आचारण पर आत्म चिंतन करबाक सेहो अपील कयलनि।

एम्हर, विधान परिषद मे सेहो आइ पहिल पाली मात्र एगाहर मिनट धरि चलि सकल। सदनक कार्यवाही शुरू होइतहिं विपक्षी सदस्य मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षण अभियानक विरोध मे नारेबाजी करैत सदनक बिचोबीच आबि गेलाह। सभापतिक बेर–बेर अनुरोध कयलाक बावाजूदों हंगामा शांत नहि भेल। एहि बीच, सदन पहुंचल मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सेहो नारेबाजी कऽ रहल सदस्य लोकनि सँ अपन स्थान पर बैस कऽ बात रखबाक अपील कयलनि। एकरा संगहि, बिहार विधान परिषदक ई मॉनसून सत्र सेहो आइ सभापति अवधेश नारायण सिंहक समापन भाषणक संग संपन्न भऽ गेल।

---

एम्हर, लोकसभा आओर राज्यसभाक कार्यवाही सेहो एसआईआर समेत विभिन्न मुद्दा सभ पर विपक्षक हंगामाक कारणे बाधित भेल। लोकसभा अध्यक्ष ओम बिड़ला प्रश्नकाल चलएबाक प्रयास कयलनि, मुदा विपक्षी सदस्य सदनक वेल मे आबि बिहार मे विशेष गहन पुनरीक्षण सहित विभिन्न मुद्दा सभ पर चर्चाक मांग करऽ लगलाह। हल्ला–गुल्लाक कारणें अध्यक्ष सदनक कार्यवाही कँ दू बजे धरि स्थगित कऽ देलनि। एम्हर राज्यसभा मे सेहो विभिन्न

मुद्दा सभ पर विपक्षक हंगामाक बाद, पीठासीन अधिकारी घनश्याम तिवारी सदनक कार्यवाही कैँ दिनभरिक लेल स्थगित कऽ देलनि।

---

बिहार मे चलि रहल मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षण अभियानक तहत एखन धरि निनान्वे दशमलव आठ प्रतिशत सँ बेसी मतदाता सभक सत्यापन पूरा कएल जा चुकल अछि। चुनाव आयोग कहलक अछि जे एखन धरि सात करोड़ तैईस लाख मतदाता लोकनि गणना प्रपत्र जमा कऽ देलनि अछि। आयोग कहलक अछि जे एहि सभ मतदाता सभक नाम एक अगस्त के प्रकाशित मतदाता सूची प्रारूप मे शामिल कएल जाएत। आयोगक अनुसारें एक लाख दू हजार मतदाता सभक गणना प्रपत्र एखन धरि नहि भेटल अछि। ओतहि, लगभग बाईस लाख मतदाता दिवंगत भऽ गेलाह अछि। आयोग कहलक अछि जे पैंतीस लाख मतदाता स्थायी रूपें विस्थापित भऽ चुकलाह अछि आओर सात लाख मतदाता एक सँ बेसी जगह सभ पर पंजीकृत छथि। गणना प्रपत्र जमा करबाक अंतिम तिथि काल्हि धरि निर्धारित अछि। चुनाव आयोग कहलक अछि जे जाहि लोक सभक नाम मतदाता सूचीक प्रारूप मे नहि रहत, ओ एक अगस्त सँ एक सितम्बरक बीच दावा आपत्ति कऽ सकताह। आयोगक अनुसारें अंतिम मतदाता सूचीक प्रकाशन तीस सितम्बर कैँ कएल जाएत।

---

निर्वाचन आयोग, कानून आओर न्यायमंत्रीक परामर्श सँ राज्यसभाक महासचिव कैँ उप राष्ट्रपतिक निर्वाचनक लेल चुनाव अधिकारी नियुक्त कयलक अछि। आयोग, राज्यसभा सचिवालयक संयुक्त सचिव आओर निदेशक कैँ उप–राष्ट्रपति चुनावक लेल सहायक चुनाव अधिकारी बनएलक अछि। संविधानक धारा तीन सय चौबीसक तहत निर्वाचन आयोग कैँ भारतक उप–राष्ट्रपतिक चुनाव करएबाक अधिदेश प्राप्त अछि।

---

बंगालक खाड़ी मे निम्न दबावक कारणें राजधानी पटना सहित आइ प्रदेशक कतेको भाग सभ मे बरखा भेल। एहि सँ लोकसभ कैँ भीषण गर्मी सँ राहत भेटल अछि। मौसम विभाग अगिला चौबीस घंटाक दरयिमान पटना, औरंगाबाद, नवादा, बेगूसराय, सीवान, पूर्वी आओर पश्चिमी चंपारण मे भारी बरखाक ऑरेंज अलर्ट जारी कएलक अछि। एहि दरमियान

तीस सँ चालीस किलोमीटर प्रतिघंटाक रफ्तार सँ हवा सेहो चलि सकैत अछि। विभाग अगिला अड़तालीस घंटाक दरमियान राज्यक अधिकांश भाग सभक अधिकतम तापमान मे तीन सँ पाँ डिग्री सेल्सियस कऽ गिरावटक संभावना जतएलक अछि।

—————————————————————————————

गंगा, गंडक बूढ़ी, गंडक आओर कोसी समेत राज्य सँ भऽकऽ जाएवला विभिन्न नदी सभक जलस्तर मे भऽ रहल बढ़ोतरी के देखैत जल संसाधान विभाग तटबंध सभक निगरानी बढ़ा देलक अछि। बाढिक कारणें सभसँ बेसी प्रभावित हुअवला दस टा जिला सभ मे तटबंध सभक सुरक्षाक लेल छओ हजार कर्मी सभक तैनाती कएल गेल अछि। विभागक प्रधान सचिव संतोष कुमार मल्ल बतएलनि जे आवश्यकता भेला पर आओर बेसी सुरक्षा कर्मी सभक तैनाती कएल जाएत। ओ बतएलनि जे राति मे सेहो तटबंध सभक पेट्रोलिंग कएल जा रहल अछि।

—————————————————————————————

समाप्त भेल।